QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA’LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62 — Nókis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Tel: (0-361) 2222437, 2229520: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

26 - апрель 2021- yil/jıl. № 02-02/1- 2167

**Тақыятас қаласы Темир жол көшеси 89-жай турғыны А. Отемуратовқа**

**көширмеси: Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, 2021-жыл 20-апрель сәнесиндеги латын графикасына тийкарланған жазыўдан кирилл әлипбесиндеги жазыўға қайтадан өтиў бойынша мүрәжатыңыз тийисли қәнигелер тәрепинен үйренип шығылғанлығын мәлимлейди.

Қарақалпақ тилиниң миллий жазыўы 1928-жылға дейин араб әлипбеси тийкарында, 1928-жылдан латын графикасындағы жазыўда алып барылған болса, 1940-жылдан баслар латын графикасындағы жазыўдың орны рус алфавитине тийкарланған жазыў менен өзгертилгенлиги белгили. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары Ғәрезсизлик алыўы менен 1993-жылы өз жазыўын жаңалаў ҳаққында шешим қабыл етти ҳәм Қарақалпақстан Республикасы 1994-жылы 26-февральда латын жазыўына тийкарланған жаңа әлипбени қабыллады.

Буннан кейин Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң 2009-жылы 8-октябрьдеги ҳәм 2016-жылы 10-июньдеги «Латын жазыўына тийкарланған қарақалпақ әлипбесин енгизиў ҳаққында» қарарлары менен жазыўымызға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилди.

Улыўма орта билим бериў мектеби оқыўшысы кирилл әлипбесиндеги жазыўды рус тили пәнин үйрениў арқалы оқый алады. Демек, бүгинги күнде жаслардың еркин түрде билим алыўына, рус, инглис тиллерин үйрене алыўына латын графикасына тийкарланған әлипбе тосқынлық етпейди.Өзбекстан Республикасы менен биргеликте қоңсы мәмлекетлер де латын графикасындағы жазыўға өтип атырғанлығы мәлим.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Қарақалпақстан Республикасы улыўма орта билим бериў мектеплеринде барлық улыўма билим бериў пәнлери сабақлықлары ҳәм ис қағазлары латын графикасындағы жазыў тийкарында жүргизилип, оқыўшылардың усы күнге шекем латын графикасына тийкарланған әлипбе тийкарында билим алып атырғанлығын есапқа алып, әлипбениң қайта өзгериўи олардың билим алыўында, сабақлық пенен тәмийинлениўинде бослық пайда ететуғынлығын билдиреди.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** **Қ.Бекбаўлиев**

Орынлаўшы: Қ. Жубанов
Телефон : 90 592 80 56

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

3/5562 -son **KVITANSIYA**

(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

buyurtma________ ____________qabul qilishda

(jo`natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga______________________________

Kimga_______________________________

Og`irlik__________g.

Jo`natish uchun to`lov _________so`m _________tiyin

**Qabul qildi**________________

(imzo)

# Сәўбетлесиў баяны

Район: Тахиятас
Сәне 27-апрел 2021-жыл   телефон: 933673775
Ўақыт Басланды $16^{26}$ - $16^{44}$
Қатнасты: Исмайлова Зулфия Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Республикалық оқыў методика орайы методисти.
Мүрәжат етиўши А. Отемуратов.

Сәўбетлесиў: Пуқара А Отемуратов пенен сөйлесип, кирилл әлипбесине оқыў бойынша мүрәжаты пухта шешилгенлигин, улыўма билим бериў мектеплеринде сабақлық, ҳәм ис қағазлары латын графикасындағы қарақалпақ әлипбесинде жүргизилип атырғанлығы ҳәм егер жәнеде әлипбе өзгерсе, оқыўшылардың билим алыўында тосқынлық болатуғынлығын, латын графикасындағы жазыў менен билим алған оқыўшылар кириллге өтсе қыйналатуғынлығын түсиндирилди.
Сәўбет даўамында пуқара А. Отемуратов өзиниң ораза болғанлығы себепли барыў мүмкиншилиги жоқ екенлигин билдирди.

Республикалық оқыў-методика орайы қәнигеси: [signature] З. Исмайлова

Республикалық оқыў-методика орайы қәнигеси. [signature] Ж. Исметуллаев

Республикалық оқыў-методика орайы қәнигеси: [signature] Д. Тәжетова